

# CARVER COMMUNITY MIDDLE SCHOOL



2024-2025

## REZIME RÈGLEMAN SOU PATISIPASYON PARAN AK FANMI (PFEP).

**Deklarasyon Misyon:** Misyon nou se pèmèt tout elèv yo vin sitwayen pozitif ak pwodiktif ak manm nan yon sosyete mondal. Pou reyalize sa, nou vize devlope elèv la entelektyèlman, sosyalman, etikman e fizikman. Pratik enviwonman ankouraje aprantisaj pou tout dire lavi atravè oto-disiplin, tolerans, lidèchip, e bay lòt moun sèvis.

### **Patisipasyon Fanmi/Aktè:**

Pou pwomote eksitasyon ak patisipasyon efikas paran ant estaf la ak kominote a, Carver Middle School akeyi opinyon paran yo ak manm kominote yo lè li ankouraje yo pou yo rantre nan tout aktivite nan jounen lekòl ak apre lekòl la. Objektif nou se travay ansanm ak chak paran ak patnè kominote a nan pwosesis edikasyon an ki konsantre sou siksè chak elèv.

Moun ki patisipe yo ka fè opinyon yo pase nan tout pwogram ak aktivite Tit 1 yo (ki gen ladan itilizasyon fon Tit 1), bay lidèchip lekòl la fidbak/komantè/sijesyon, epi yo gen yon pati nan pwosesis pou pran desizyon. Atravè reyinyon "School Advisory Council" (SAC) Konsèy Konsilitatif Lekòl la, paran yo gen opòtinite pou revize epi bay opinyon alekri epi evalye Plan Patisipasyon Paran ak Fanmi (PFEP) chak ane. Paran yo gen tou opòtinite pou bay opinyon alekri Kontra Lekòl-Paran an.

Carver apresye lè paran yo bay ak diskite lide non sèlman pou ankouraje paran yo pi gwo patisipasyon, men tou pou sipòte siksè elèv yo. Paran yo revize rezulta Sondaj Patisipasyon Fanmi yo pou detèmine chanjman ki nesesè yo. Atravè diskisyon sa yo, yo konsidere depans lajan pou angajman paran ak fanmi yo.

### **Reyinyon Anyèl Tit I - Jedi, 10 Oktòb 2024 a 6:00 p.m.:**

Nan kòmansman chak ane eskolè, tout paran envite pou asiste reyinyon anyèl Tit I nou an pou aprann plis sou Tit I, kondisyon yo, ak pwogram yo nan lekòl la. Nan reyinyon sa a, paran yo gen opòtinite pou poze kesyon, revize dokiman Tit I epi bay opinyon sou bagay sa yo:

- School-Parent Compact (KontraLekòl-Paran)
- Parent's Right to Know (Dwa paran)
- Title I Budget (Tit I Bidjè)
- Title I Parent and Family Engagement PlanTit I Plan Angajman Paran ak Fanmi
- Ideas for future parent involvement activitiesLide pou pwochen aktivite patisipasyon paran

### **Aksè pou tout Fanmi:**

Carver Middle School akomode tout fanmi yo epi li bay enfòmasyon ak sèvis nan yon anviwònman akeyan ak amikal nan:

- Chwazi dat ak lè reyinyon yo dapre opinyon paran yo
- Ofri entèprèt nan lang Kreyòl Ayisyen ak Panyòl
- Tradiksyon dokiman
- Bay opòtinite sèvis kominotè pou elèv ki vle ede nan reyinyon yo
- Bay opòtinite sèvis kominotè pou elèv ki vle ede nan reyinyon ak aktivite yo

### **Aktivite Patisipasyon Paran yo:**

Pandan tout ane a, yo fè yon sondaj sou paran yo pou yo kolekte enfòmasyon sou sijè yo enterese aprann plis sou yo, epi yo fè paran yo konnen evènman sa yo. Yo planifye aktivite sa yo ak evènman sa yo pou ede paran yo konprann kourikoulòm ak evalyasyon yo pou yo ka pi byen sipòte aprantisaj pitit yo.

- **Navigé Platfòm Aprantisaj Entènèt - Jedi 24 Out 2024 a 6:30 p.m.** Paran yo pral pi byen konprann kijan pou yo jwenn aksè e kontwole pwogrè pitit yo sou SIS, Reading Plus, NoRedInk, Math Nation ak lòt enfòmasyon.
- **Fòmasyon Paran Pwogresyon Elèv - Jedi 14 Novanm 2024 a 6:30 p.m.** Paran yo pral pi byen konprann kondisyon pou pitit yo pwogrese nan pwochen nivo klas la.
- **Fòmasyon Paran Sware Enfòmasyon - Jedi 27 Fevriye 2025 a 6:30 p.m.** Paran yo aprann kijan pou jwenn aksè nan done pitit yo epi konprann pi byen pratik evalyasyon lekòl la.

### **Kominikasyon:**

N'ap bay paran enfòmasyon yo nan yon lang ak fòma ki fasil pou konprann. Nou pral kominike avèk paran yo lè nou itilize:

- |  |   |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"><li>● Emails (Imel)</li><li>● Student Planners</li><li>● Student Information System (SIS)</li><li>● School Website</li><li>● School-wide Callouts via Phone or Text</li><li>● Flyers</li></ul> | <ul style="list-style-type: none"><li>● Parent Conferences (Konferans Paran)</li><li>● School Advisory Council (SAC)</li><li>● School Newsletter</li><li>● Family Involvement Survey</li><li>● Postings on School Marquis</li><li>● Social Media Outlets, Facebook, Instagram and Twitter</li></ul> |
|--|---|

### **Sipò pou Fanmi:**

Atravè patenarya ki te konsti ant distri lekòl la ak lòt ajans, yo ofri fanmi ki nan bezwen aksè a asistans atravè bagay sa yo:

- |   |  |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none"><li>● Migrant Education Program(Pwogram Edikasyon Migran)</li><li>● Hospital Homebound</li><li>● Child Mentoring Programs(Pwogram konseye timoun)</li></ul> | <ul style="list-style-type: none"><li>● Homeless Students and Families</li><li>● Drug and Alcohol Counseling Services</li><li>● Behavioral Health Services</li></ul> |
|---|--|

Gen plis enfòmasyon sou sèvis pou fanmi yo disponib lè w kontakte Madam Ashleigh Bouchard, lyezon paran lekòl la nan 561-638-2112 or [ashleigh.bouchard@palmbeachschools.org](mailto:ashleigh.bouchard@palmbeachschools.org).

### **Volontè!!!!**

Nou ankourage paran ak manm kominote yo pou yo sèvi kòm volontè nan lekòl nou an nan yon varyete kapasite ki adrese bezwen elèv nou yo ak lekòl nou yo. Egzanp opòtinité volontè: tradiktè, sant medya, dans apre lekòl, sal resous pou paran. Tanpri kontakte Madan Bouchard pou plis enfòmasyon.

*Plan Angajman Paran ak Fanmi an te devlope ansanm pa paran ak anplwaye Carver Community Middle School*